



Mizajou 2018

Ki sa ki andedan

Enfòmasyon pou moun k ap travay	1
Enfòmasyon pou moun ki resevwa avantaj Sekirite Sosyal	2
Enfòmasyon pou moun ki resevwa Supplemental Security Income [Revni Anplis pou Sekirite] (SSI)	3
Enfòmasyon pou moun ki nan Medicare	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	4

Mizajou sa a bay enfòmasyon nouvo pou ane 2018 pou anpil atik, tankou pou taks ak avantaj Sekirite Sosyal. Dapre lalwa, gen kèk nimewo ki chanje otomatikman chak ane pou kenbe pwogram nan ajou dapre nivo pri ak nivo salè yo.

Enfòmasyon pou moun k ap travay

Taks Sekirite Sosyal ak Medicare		
Taks Sekirite Sosyal	2017	2018
Travayè/Anplwaye (chak)	6.2% sou revni ki rive jiska \$127,200	6.2% sou revni ki rive jiska \$128,400
Moun ki travay pou tèt yo * Ka konpanse nan dispozisyon finansyè sou revni	12.4%* sou revni ki rive jiska \$127,200	12.4%* sou revni ki rive jiska \$128,400
Taks Medicare		
	2017	2018
Travayè/Anplwaye (chak)	1.45% sou tout revni	1.45% sou tout revni
Moun ki travay pou tèt yo * Ka konpanse nan dispozisyon finansyè sou revni	2.9%* sou tout revni	2.9%* sou tout revni
Moun ki gen gwo revni peye 0.9 pousan anplis pou taks Medicare sou revni ki depase kèk montan. Pale ak Internal Revenue Service pou jwenn plis detay.		

Taks Sekirite Sosyal ak Medicare

Kredi pou travay

Lè ou travay, ou gen kredi pou avantaj Sekirite Sosyal yo. Ou bezwen yon kantite kredi byen detèmine pou kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal yo. Kantite ou bezwen an depann sou laj ou ak kalite avantaj w ap fè aplikasyon pou li a. Ou ka gen kat (4) kredi omaksimòm chak ane. Pifò moun bezwen 40 kredi pou kalifye pou avantaj pou retrèt.

	2017	2018
	\$1,300 ba ou yon kredi	\$1,320 ba ou yon kredi

Enfòmasyon pou moun ki resevwa avantaj Sekirite Sosyal

Limit Salè

Dapre lalwa federal, moun, k ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal epi ki poko fin gen tout laj konplè pou pran retrèt, gen dwa resevwa tout avantaj yo depi revni yo pa depase limit ki endike nan espas ki pi ba la a. Pou moun ki fèt ant ane 1943 jiska ane 1954, laj konplè pou retrèt la se 66 an. Laj konplè pou retrèt ap ogmante tikras pa tikras chak ane jiskaske li rive nan laj 67 an pou moun ki fèt nan ane 1960 oswa pita.

	2017	2018
Lè ou rive nan laj konplè pou retrèt oswa lè ou pi gran	Pa gen limit nan revni	Pa gen limit nan revni
Lè ou poko gen laj konplè pou retrèt	\$16,920 Pou chak \$2 ki depase limit la, yo retire \$1 nan avantaj yo.	\$17,040 Pou chak \$2 ki depase limit la, yo retire \$1 nan avantaj yo.
Nan ane ou rive nan laj konplè pou retrèt la	\$44,880 Pou chak \$3 ki depase limit la, yo retire \$1 nan avantaj yo jiskaske ou rive nan mwa pou ou gen laj konplè pou retrèt la.	\$45,360 Pou chak \$3 ki depase limit la, yo retire \$1 nan avantaj yo jiskaske ou rive nan mwa pou ou gen laj konplè pou retrèt la.

Limit nan revni moun ki benefisyè avantaj pou andikap: Si w ap resevwa avantaj pou andikap, ou dwe fè nou konnen revni ou kèlkeswa ti kantite ou fè a. Ou ka gen revni ki pa limite pandan yon peryòd kote ou te eseye travay pandan jiska nèf (9) mwa (pa nesèsèman youn dèyè lòt) epi ou toujou kontinye resevwa tout avantaj konplè yo. Yon fwa ou fin fè peryòd kote ou te eseye travay pandan nèf (9) mwa a, n ap detèmine si ou toujou gen dwa resevwa avantaj pou andikap. Ou kapab kalifye pou lòt prim ankourajman pou travay pou ede ou fè tranzisyon pou tounen travay la.

	2017	2018
Aktivite travay ki bay revni (moun ki pa avèg)	\$1,170 pa mwa	\$1,180 pa mwa
Aktivite travay ki bay revni (moun ki avèg)	\$1,950 pa mwa	\$1,970 pa mwa
Mwa ki nan peryòd tan kote ou te eseye travay la	\$840 pa mwa	\$850 pa mwa

Enfòmasyon pou moun ki resevwa Supplemental Security Income [Revni Anplis pou Sekirite] (SSI)

Peman federal pa mwa pou SSI (maksimòm)		
	2017	2018
Yon sèl moun	\$735	\$750
Koup	\$1,103	\$1,125
Limit nan revni pa mwa		
	2017	2018
Yon sèl moun kote revni moun lan se salè li sèlman	\$1,555	\$1,585
Yon sèl moun kote revni moun lan se pa salè li sèlman	\$755	\$770
Yon koup kote revni koup la se salè yo sèlman	\$2,291	\$2,335
Yon koup kote revni koup la se pa salè yo sèlman	\$1,123	\$1,145
<p>REMAK: Si ou gen revni, anjeneral avantaj ou pa mwa ap mwens pase peman federal maksimòm pou SSI la. Sonje byen, ou dwe rapòte tout revni ou ba nou. Gen eta ki ajoute lajan sou peman federal pou SSI la. Si ou abite nan youn nan eta sa yo, ou kapab kalifye pou yon peman ki pi plis. Revni ou ka pi plis pase limit ki endike yo epi ou kapab kontinye kalifye toujou.</p>		

Enfòmasyon pou moun ki nan Medicare

Pifò pri Medicare koute ap ogmante ane sa a pou nou kapab konpase pri swen sante k ap ogmante		
	2017	2018
Asirans pou lopital (Pati A)		
Pou premye 60 jou nan yon lopital, malad la peye	\$1,316	\$1,316
Pou 61yèm jou jiska 90yèm jou nan yon lopital, malad la peye	\$329 pa jou	\$329 pa jou
Aprè 90 jou nan yon lopital, malad la peye (pou jiska 60 jou anplis)	\$658 pa jou	\$658 pa jou
Pou premye 20 jou nan yon enstitisyon ki bay swen enfimyè espesyalize, malad la peye	\$0	\$0
Pou 21yèm jou jiska 100yèm jou nan yon enstitisyon ki bay swen enfimyè espesyalize, malad la peye	\$164.50 pa jou	\$167.50 pa jou
<p>Pou Achte Prim Asirans nan Pati A (Part A Premium Buy-In): Kantite prim ou peye pou achte Medicare Part A depann sou kantite kredi ou genyen pou Sekirite Sosyal. Si ou gen:</p>		
40 kredi	\$0	\$0
30-39 kredi	\$227 pa mwa	\$232 pa mwa
mwens pase 30 kredi	\$413 pa mwa	\$422 pa mwa

Pifò pri Medicare koute ap ogmante ane sa a pou nou kapab konpase pri swen sante k ap ogmante

<i>Asirans Medikal (Pati B)</i>	2017	2018
Prim asirans lan	\$134 pa mwa	\$134 pa mwa**
Franchiz asirans (dediktib)	\$183 pa ane	\$183 pa ane
	Aprè malad la peye franchiz asirans lan (dediktib la), Pati B peye 80 pousan nan sèvis ki kouvri yo.	
REMAK: Si ou gen Medicare epi revni ou ba, eta kote ou rete a ka peye prim asirans Medicare yo, epi nan kèk sikonstans, franchiz asirans (dediktib) ou yo epi lòt depans medikal ki soti nan pòch ou. Kontakte ajans asistans medikal ou (Medicaid), sèvis sosyal oswa biwo byennèt sosyal la pou plis enfòmasyon.		
**Prim regilye pou asirans pa mwa se \$134. Gen kèk moun ki gen revni ki pi wo ki peye prim ki pi wo pou asirans.		

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **www.socialsecurity.gov**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;

- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10003-HC | January 2018
Mizajou 2018

Update 2018 (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a